# ÁDEBIYAT SABAǴÍNDA AŃÍZ HÁM ÁPSANA JANRÍNÍŃ ÓZGESHELIKLERIN OQÍTÍW USÍLLARÍ

**Joldasbaeva Gúlparshın**

https://doi.org/10.5281/zenodo.17516720

***Annotaciya.*** *Bul maqalada ańız hám ápsanalar teoriyalıq jaqtan analiz etilip, oqıwshılarǵa ańız hám ápsanalardıń janrlıq ózgesheliklerin úyretiw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden biri ekenligi sóz etilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *ańız, ápsana, legenda, tariyxıy waqıya, tariyxıy adamlar, tariyxıy orınlar, aqılıy hújim metodı, soraw-juwap metodı.*

Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpeleri ásirler dawamında jańalanıp, xalqımızdıń ruwxıy mádeniyatın óz mazmunında sáwlelendirip kiyatırǵan bahalı miyrasımız esaplanadı.

Xalıq ańızları sóz óneriniń epikalıq túrine jatadı. Ańızlar rus folklorında legendalar, ózbek folklorında ráwiyatlar dep ataladı.

Oqıwshılarǵa ańız hám ápsanalardıń ózgesheliklerin úyretiw eń áhmiyetli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Bul máseleni oqıwshılarǵa túsindiriw barısında aqılıy hújim, soraw-juwap metodlarınan paydalanıp ańız hám ápsanalardıń teoriyalıq mánisi hám áhmiyeti aytıp ótiledi. Ańızlardıń mazmunında xalıqtıń basınan ótkergen belgili tariyxıy waqıyalar, tariyxıy adamlar, batırlar, tariyxıy orınlar, qalalar haqqında sóz etiledi. Ańızlar jas áwladqa bilim hám tárbiya beriwde áhmiyetli orın iyeleydi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasında ádebiy janrlardı úyreniw eń juwapkershilikli metodikalıq máselelerden esaplanadı. Sabaq barısında oqıwshılarǵa folklorlıq dóretpelerdiń janrlıq qásiyeti boyınsha ilimiy teoriyalıq túsinikler beriw kerek. Nátiyjede olar awızeki xalıq dóretpelerin izbe-iz úyreniwge, hárbir janrdıń mazmunın, syujetin, ózgesheliklerin tıyanaqlı túsinip alıwǵa múmkinshilik tabadı.

Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiligin oqıtıw barısında hárbir janrdıń ózgesheligin úyretiw tiyis. Sonlıqtan oqıwshılarǵa bul másele boyınsha tómendegishe sorawlar beriledi:

Ańız degenimiz ne?

Ápsana degenimiz ne?

Ańız hám ápsana janrınıń ózgeshelikleri?

Qaraqalpaq folklorında ańızlardıń mazmunlıq, tematikalıq, kórkemlik ózgesheliklerin esapqa alǵan halda olarǵa arnawlı atama beriwde ótken ásirdiń 70-80-jıllarında shataslı hám qarama-qarsı pikirler payda boldı.

Alım N.Dawqaraev ańızlardıń joqarıda aytıp ótken ózgesheliklerdi itibarǵa alıp bul janrdı legenda termini menen atadı. Alım qaraqalpaqlar arasında keń tarqalǵan Asan qayǵı, Erejep tentek, Aldar kóse, Jiyrenshe sheshen, Xoja Nasriddin h.t.b antroponimlik xarakterdegi miyraslardı legenda dep atap: "Bulardıń barlıǵı da bolǵan adamlar.

Solay da, bul legendalardıń shınlıqqa oǵada jaqın tariyxıy faktlerdi táriyplewine qaramastan, awızdan-awızǵa ótip, ózgertip, qosılıp, alınıp taslanıp kelgenlikten, olardı tariyx dep qarawǵa bolmaydı. Tek tariyx ushın kerekli material bolǵan" [1;184], – degen juwmaq isleydi.

Demek, N.Dáwqaraev tariyxıy faktlerdiń legendaǵa tiykar bolatuǵının qatań itibarǵa alıp, ol bul ózgeshelikti janrdiń jetekshi kriteriyası sıpatında bahalaǵan. Alımnıń usı baslaması keyingi alımlar tárepinen uzaq waqıtlarǵa shekem dawam etti.

Ańızlar tariyxıy mazmundaǵı xalıq miyrasların legenda dep júritti.

Ilimpaz N.Japaqov óziniń izertlewinde qaraqalpaq xalıq ańızlarına “ertegi-ańız” degen termindi qollanıp, qawıstıń ishine legenda dep jazadı. N.Japaqov bol janrǵa eki termin júklegen.

Bunıń sebebi bul janr mazmunında hám ertek hàm ańızlıq waqıyalar, syujetler ushırasadı" [2;82] - dep túsindiredi.

Demek eki alımnıń pikirinde de ańızlar “legenda” termini menen júritilgen.

Ótken ásirdiń 90-jıllarına kelip qaraqalpaq xalıq prozasınıń salmaqlı janrı bolǵan ańızlar óz atı menen atala basladı. Qaraqalpaq folkloristikasında “legenda” termini oǵada siyrek paydalanatuǵın halatqa jetti. Máselen, 1995-jılı járiyalaǵan “Qaraqalpaq xalıq ańızları hám anekdotları” (Nókis: Qaraqalpaqstan, 1995) degen kitapta legenda sózi siyrek ushırasadı.

Sonday-aq, 1992-jılı járiyalanǵan “Qaraqalpaq ańızları, ápsanaları hám sheshenlik sózleri” degen kitapshada “Legenda” janrlıq termin retinde paydalanılmaǵan. Onıń ornına “Ańız” ataması isletilgen. Usı atalǵan kitaplardıń alǵı sóziniń birinde qısqa bolsa da qaraqalpaq folkloristikasında ańız janrınıń járiyalanıw hám úyreniliw jaǵdaylarına dıqqat bólinip ótiledi.

Tayarlawshılar ańızlarǵa sıpatlama berip: “Xalıq ańızlarında adamnıń payda bolıwınan baslap jer, suw, qala, elatlardıń atalıwı, sonday-aq, jer betindegi barlıq janlı hám jansız maqluqlar menen zatlardıń, hátteki aspan álemindegi ay, kún, juldızlardıń payda bolıwı hám atalıwı haqqında adamlardıń boljaw-shamalawları, túsinigi hám juwmaǵı sáwlelengen” [3;4] degen ilimiy tiykarlanǵan túsinikler berip ótedi. Sonıń menen bir qatarda, olar xalıq prozasınıń janrlıq ózgesheliklerine toqtap, “Qaraqalpaq folkoristleri “ańız”, “ápsana” degen terminlerdi bir-birine jaqın mániste qaraydı. Olar ortasındaǵı ayırmashılıq ele ilimiy jaqtan izertlengen joq” [3;4] dep zárúr máselelerdiń úyreniliw barısınıń júdá ástelik penen baratırǵanlıǵın eski salıp ótedi. Biraq, atı atalǵan kitapta ápsanalardıń tekstleri, ańızlardıń tekstleri hár qaysısı óz aldına ajıratılıp berilgen. Tayarlawshılar xalıq prozasınıń janrların bir-birinen ajıratıp bahalawda tematikalıq, mazmunlıq, tekstologiyalıq xarakterdegi janrlıq bılǵasıqlarǵa azlap shek qoyǵanlıǵı seziledi.

Solay etip, qaraqalpaq folkloristikasında “ańız” sózi janrlıq termin sıpatında qáliplesemen degenshe bir qansha basqıshlardan ótkenligin kóremiz. Bul jaǵday tek qaraqalpaq xalıq ańızlarında ǵana emes, al ol hár qıylı xalıqlardıń folkloristikasındaǵı baslı mashqalalardıń biri bolıp tabıladı. Rus izertlewshileri “Ele ańızlarǵa qanaatlandırarlıq dárejede ilimiy tiykarlanǵan anıqlamalar berilgen joq. Legendalar menen ańızlar hár qaysısı óz aldına janr bolsa da, ilimiy ádebiyatlarda olardıń aralas paydalanıp júrgenligin jiyi ushıratamız” degen edi. Bashqurt alımları da rivoyat (предания) penen legendanı folklorlıq termin sıpatında bir-birinen ajıratıp qaramaydı.

Biraq onda rivoyat (предания) xalıq arasında “tariyx” degen termin menen belgili ekenligi atalıp ótiledi [4;122]. Ózbek alımlarınıń “Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-ózbekcha izohli luǵati” degen sózliginde “legenda” sózine “afsona” degen túsinik berilip, sol sózge silteme jasalǵan. “Предания” nı rivoyat, naqıl dep “сказание” sózine silteme berilgen. “Сказание” – rivoyat dep túsindirilgen [5;172] . Yaǵnıy legenda bizińshe ápsana túsinigine jaqın keledi de, rivoyat – ańız degendi ańlatadı. Ulıwma ózbek folkloristikasında legenda janr dárejesindegi termin bolıp qáliplespegen. Bunday jaǵday Orta Aziya xalıqlarınıń kópshiligine tán bolıp, arnawlı jumıs alıp barǵan folklortanıwshılar ózleriniń milliy tariyxıy imkaniyatları tiykarında “rivoyat” terminin qabıl etken. Al, qazaq xalıq prozasın úyreniwshilerdiń pikirinshe, ótken ásirdiń 60-jıllarınıń aqırına shekem ańız túsinigi hám предания, hám legenda atı menen atalıp kelingen, yaǵnıy olar óz aldına janr sıpatında bólsheklenip úyrenilmey bir maǵanada paydalanılǵan. Biraq waqıttıń ótiwi menen rus folklortanıwshılarınıń tájiriybelerine súyengen qazaq alımları “предания” sózine - “ańız”, “legenda” sózine - “ápsana-hikayat” degen máni

berip, olardıń hár qaysısın bólek-bólek janr sıpatında bir-birinen ajıratıp aldı [6;150]. Usınday jaǵday derlik bir waqıttıń ózinde qaraqalpaq folklorshılarınıń ortalıǵında da júzege keldi.

Burınları "legenda" atı menen atalıp kelingen folklorlıq janr terminine milliy mazmundaǵı atamanıń qosılıwı, soń onıń termin dárejesine kóteriliwine múmkinshilik jaratıp berdi. Filologiya ilimleriniń kanditatı O.Bekbawlov 1971-jılı járiyalaǵan "Ayazxan ańızınıń tariyxqa qatnası" degen maqalasında folklorlıq janrlardıń biri qatarında ańızlar tuwralı bılay deydi: "Olardıń hár qaysısı belgili bir tariyxıy qubılısqa, hádiysege tiykarlanǵan, biraq, waqıttıń ótiwi menen bul tariyxıy hádiyseler umıtılıp, olar biziń zamanımızǵa deyin tek ańızlar túrinde jetip kelgen [7;122]. Bunda Ayazxan haqqındaǵı xalıq túsinikleri tikkeley ańız dep atalǵan. Bul folklorlıq janrlar bir-biri menen oǵada jaqın tematikalıq, mazmunlıq, ideyalıq uqsaslıqlarǵa iye.

Biraq olardı bir-birinen ajıratıp turatuǵın tiykarǵı kriteriyalar: ápsanalardaǵı waqıyalardıń uzaq ótmish haqqında sóz etiliwi, hár qıylı tótemlik, animistlik, fetishistlik, shamanlıq diniy isenimlerge dárek syujetler menen baylanıslı bolıwı, qaharmanlardıń qudaylar, áwliyeler, payǵambarlardan ibarat bolıwı hám kúshli fantastikalıq mazmunda súwretleniwi arqalı belgilenedi. Ańızlarda tariyxıy waqıyalıq syujetler baslı áhmiyetke iye bolıp, sol hádiyselerdi anıqlap túsindirip beriwge dıqqat awdarıladı. Ańızdıń qaharmanları tariyxta bolǵan tulǵalardan ibarat bolıp, onda joqarǵı ǵayrı tábiyiy kúshler qatnaspaydı. Syujetleri yamasa epizodları oǵada az, geyde bir syujet penen de sheklenetuǵın, kompoziciyalıq qurılısı jeterli dárejede turaqlı emes biraq, variantları kóp, etnografiyalıq, geografiyalıq, tariyxıy tematikalıq ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Ápsanalar menen ańızlardıń óz ara ayırmashılıqları tuwralı ózbek folkloristleri: "Ápsana oylap tabılǵan waqıyalar tiykarında súwretlense, ańızlar (rivoyat) da tariyxıy waqıyalar kórkem jasalma usıllar arqalı bayan etiledi" [8;172] dep qısqa hám anıq juwap beredi.

Haqıyqatında da, ápsana menen ańızlardıń eń tiykarǵı ózgeshelikleri olardıń tariyxta bolǵan waqıyalarǵa qatnası menen belgilenedi. Eger waqıyanıń mazmunı qanshama dárejede turmıslıq haqıyqatlıqtan alıs bolsa, olar ápsana boladı da, al waqıyanıń jelisi tariyxıy real hádiyselerge qaratılǵan bolsa hám sol obyektti túsindiriwdi, anıqlawdı maqset etken bolsa, ol ańız janrına tiyisli maǵlıwmatlar toparına kiredi. Ápsanalarda kórkem súwretlew usılları, ásirese, giperbolizm, fantastikalıq sheginisler barınsha paydalanıwı múmkin. Ańızlarda bunday imkaniyatlar shegaralanǵan. Olar anaw yáki mınaw waqıyanıń haqıyqat bolǵanlıǵın túsindiriw ushın yamasa sol obyektti ideallastırıw ushın ǵana xızmet etedi.

Ilimpaz T.Kerwenov qaraqalpaq ańızlarına tómendegidey sıpatlama beredi: "Tariyxıy adamlar hám tariyxıy waqıyalarǵa qurılǵan, olar haqqında gúrriń beretuǵın nasırıy shıǵarmalardı ańız dep júrgiziw maqul. Al ápsana da ańızlarǵa jaqın bolıp keledi, degen menen olarda qıyalıy toqımalar ańızlarǵa qaraǵanda kúshli seziledi" [9;26] – dep óziniń pikirin bildiredi.

Keyingi dáwirlerde ańız janrı keń túrde I.Allambergenova tárepinen izertlew qolǵan alındı. Ilimpaz ańız janrınıń anıq terminlik atamasına ilimiy pikirlerin bildirip legenda termini menen emes, al ańız termini menen atap kórsetedi. Ol ilimiy kózqaraslarına tiykarlanıp: "Ańızlar belgili tariyxıy waqıyalardıń, tariyxıy adamlardıń átirapında payda bolǵan áńgimeler bolıp tabıladı. Ańızlarda fantziyalıq, giperbolalıq sùwretlewler mol bolǵanı menen olar tariyxıy shınlıqtıń sheńberinen alıslap ketpeydi" [10], – dep anıq sıpatlama beredi. Yaǵnıy, ilimpaz rus folklorındaǵı "legenda" termini qaraqalpaq tilinde toqıma, yadtan shıǵarılǵan áńgimelerge tuwra keletuǵın, al ańızlar - toqıma emes, bálki onda tariyxıy shınlıq bar ekenin dálilleydi.

Ilimpaz I.Allambergenova ańızlardıń haqıyqat tariyxqa barıp tutasatuǵının, onıń syujetinde qıyalıy, giperbolalıq sùwretlewler basım berilse de tariyx shınlıǵınan alıslap ketpeytuǵınlıǵın Ernazar Alakózdiń atına baylanıslı xalıq arasında belgili ańızdı mısal keltirip

dálilleydi. Haqıyqatında da Ernazar Alakóz tariyxta bolǵan qaraqalpaq xalqınıń batırı. Tariyxta bolǵan, xalıq ushın janın pidá etip, mártlik etken insanlardıń atına baylanıslı áńgimeler ańızǵa aylanadı. Ańızlarda bunday batır, sheshen, qatıqulaq insanlardıń portreti giperbola yamasa fantastikalıq súwretlewler menen beriledi. Bul tıńlawshınıń sol qaharmanǵa degen unamlı kózqarasların oyatıw ushın qollanılatuǵın qaptal syujetler esaplanadı. Bunday syujetlerdi hám sol áńgimedegi bas qaharmandı tolıq ilimiy kózqarastan úyrenip, onı legenda dep asıǵıs juwmaqqa kelmew kerek.

Ańızlar xalıqtıń ótkendegi tariyxı tuwralı maǵlıwmatlar beredi. Qaraqalpaqlardıń tariyxına baylanıslı Ormambet, Maman, Aydos biyler, Bozataw, Qońırat waqıyaları tuwralı kóplegen ańızlar bar. Qaraqalpaq xalıq ańızları ótken dáwirdegi tariyxıy, jámiyetlik turmısımızdı, dástúrimizdi barınsha tariyxqa jaqın ráwishte sáwlelendiretuǵın ózgeshelikleri menen folklordıń basqa janrlarınan ayırılıp turadı. Shınında da ańızlar xalıqtıń basıp ótken ómir jolın sóz etedi.

Bulardı úyreniw arqalı ata-babalardıń turmısına baylanıslı túrli tariyxıy waqıyalardıń kórkem formadaǵı sáwleleniwin tabamız.

Ańızlarda tek dáwirler, tariyxıy shaxslar tuwralı sóz etilmeydi, olardaǵı danalıq jaslardı ilimli bolıwǵa, ziyreklikke, qatıqulaqlıq hám taqıwı bolıwǵa baslaydı. Onı úlken de kishi de teńdey oqıydı hám pikir júritedi. Basqada pikir oyata alıw – ańızlardıń baslı maqseti.

Ańızlardıń mazmunın túsindiriw barısında oqıwshılar sanasına adamgershilik, watanǵa súyiwshilik, batırlıq, jaqsılıq sıyaqlı sezimlerdi tereńnen qáliplestirip baradı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. VII том, I бөлими. -Нөкис: "Қарақалпақстан", 1977. -Б.184.
2. Қарақалпақ фольклоры . Сабақлық. -Нөкис: "Қарақалпақстан", 1996. -Б.82.
3. Бахадырова С., Мәмбетназаров Қ. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. – Нөкис: "Қарақалпақстан", 1979. –Б. 4.
4. Кравцов Н.И., Лазутин С.Г. Русское устно народное творчество. –М., 1977. –С. 122.
5. Хотамов Н., Саримсақов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. –Тошкент: Ўқитувчи, 1983. –Б. 171-172.
6. Қасқабасов С.А. Казахская несказочная проза. – Алма-ата: Наука, 1990. –Б. 150-151.
7. Бекбаулов О. Аязхан аңызының тарийхқа қатнасы // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1971. -№ 10. –Б. 122-125.
8. Жуманазаров У. Ўзбек фольклор ива тарихий воқелик. – Тошкент: Фан, 1993. – Б.172.
9. Керуенов Т. Мифлер ҳәм аңызлардың қарақалпақ жазба әдебиятында қолланылыуы. – Нөкис: Билим, 2013. –Б.26.
10. Алламбергенова И. Қарақалпақ халық аңызлары. -Т: Инновацион ривожланиш нашриет-матбаа уйи, 2020.
11. Yusupov Q. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. -T: Sano-standart, 2018.
12. Yusupov Q. Arnawlı pánlerdi oqıtıw meteodikası. -T: Innovatsiya-ziyo, 2022. –B.183.